

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Dumasar kurikulum 2013, pangajaran basa Sunda di SMA/SMK/MA téh umumna museur kana pangajaran sastra, ti mimiti karya sastra jaman buhun nepi ka karya sastra jaman kiwari. Prosés pangajaran sastra téh teu bisa dilakukeun sagawayah, tapi kudu luyu jeung tujuan pendidikan nyaéta kudu bisa mekarkeun kamampuh siswa dina tataran kognitif, aféktif, jeung psikomotorik. Salasahiji tarékahna nyaéta guru kudu bisa milih bahan ajar nu hadé. Nugroho (2018, kc. 5) nétélakeun yén bahan ajar téh kudu diluyukeun jeung kasang tukang siswa, psikologi perkembangan, sarta ngadumaniskeun antara pangaweruh jeung sikap.

Saméméh midangkeun hiji bahan ajar, guru kudu maham kana eusi bahan ajar. Salasahiji cara nu bisa dilakukeun nyaéta maca panalungtikan patali jeung bahan nu baris diajarkeun. Pikeun ngarojong ieu hal, diperlukeun hasil panalungtikan nu euyeub dina widang sastra.

Bahan ajar sastra nu diajarkeun di sakola téh ngawengku tilu wangun nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Panalungtikan nu paling remen dilakukeun nyaéta ngeunaan prosa jeung puisi, sedengkeun panalungtikan ngeunaan drama masih langka. Ku kituna, dina raraga ngeuyeuban panalungtikan karya sastra, ieu panalungtikan museur kana carita drama nu bisa jadi alternatif bahan ajar di SMA/SMK/MA.

Drama saenyana aya dina ranah sastra jeung seni. Ranah sastra ngulik ngeunaan carita drama, sedengkeun ranah seni ngulik ngeunaan pintonan drama. Béda jeung carita drama jaman baheula nu tara ditulis, jaman kiwari mah carita drama téh ilaharna ditulis dina wangun naskah drama.

Minangka salasahiji jenis karya sastra, carita drama kudu éndah (*dulce*) jeung aya gunana (*utile*). Ku kituna, carita drama lain ngan saukur kudu éndah dina segi basa, tapi ogé kudu méré mangpaat keur nu maca.

Mangpaat keur nu maca téh kudu ditalungtik leuwih jero, utamana karya sastra nu baris dijadikeun bahan ajar di sakola. Karya sastra kudu ditalungtik tingkat kebermanpaatan jeung poténsina pikeun jadi eunteung atawa conto keur kahirupan siswa. Ku kituna, tujuan pangajaran, ajén kahirupan, ajén budaya, jeung karep siswa dijadikeun tinimbangan dina milih bahan ajar (Nasution dina Haerudin, 2019, kc. 34).

Saacan ngajén luyu henteuna hiji karya sastra keur bahan ajar, diperlukeun panalungtikan nu teleb ngeunaan eusi éta karya sastra. Pamahaman ngeunaan eusi karya sastra téh ngarojong panalungtikan lanjutan nu baris dilakukeun. Nurutkeun Teeuw (1983, kc 12-14) aya tilu hal nu ngarojong prosés maham eusi karya sastra, nyaéta: 1) maham kode basa, 2) maham kode budaya, 3) jeung maham kode sastra. Eusi karya sastra baris leuwih gampang dipikapaham lamun nu maca maham basa nu digunakeun, maham budaya masarakat nu dicaritakeun dina éta karya sastra, sarta maham aturan jeung ciri-ciri karya sastra nu dibaca.

Dina raraga ngeuyeuban pamahaman ngeunaan kode basa, kode budaya, jeung kode sastra dilakukeun panalungtikan strukturalisme nu nyoko kana tiori Hasanuddin WS. Dina ieu tiori dipedar ngeunaan struktur carita jeung unsur-unsur naskah drama nu baris ngarojong pamahaman kana eusi carita.

Sanggeus maham eusi carita, diperlukeun panalungtikan ngeunaan poténsi éta carita drama pikeun jadi bahan ajar. Salasahiji kritéria bahan ajar téh nyaéta kudu bisa ngahudang karep siswa. Ngahudang karep siswa téh bisa dilakukeun ku cara méré carita nu baris jadi conto jeung eunteung dina milampah kahirupan.

Nurutkeun Abrams (dina Minderop, 2011, kc. 226) karya sastra téh bisa jadi enteung dina raraga maham kahirupan jeung kapribadian manusa. Ieu kamandang jadi tatapakan dina tiori psikologi sastra nu nétélakeun yén carita dina karya sastra téh gambaran kahirupan. Palaku-palaku nu aya dina carita dianggap boga watek nu sarua jeung kaayaan manusa. Ku kituna, objék panalungtikan psikologi nu asalna manusa, bisa dirobah jadi tokoh.

Neuleuman psikologi karya sastra penting dilakukeun sangkan nu maca bisa paham kana harti carita kalayan gembleng, meunang pangaweruh nu baris jadi eunteung kahirupan, tug nepi ka ngahudang karep pikeun nyieun tinimbangan waktu ngalakukeun hiji hal. Karya sastra téh salasahiji média nu efektif keur

ngeuyeuban pangalaman hirup siswa. Siswa bisa nyaho rupa-rupa masalah sosial katut cara ngungkulanna tina kahirupan palaku-palaku dina karya sastra. Antukna siswa bisa meunang pangaweruh, tapi teu kudu ngalaman sacara langsung.

Unggal jalma téh boga kabutuhan nu hayang dicumponan, boh kabutuhan fisik boh kabutuhan batin. Ieu kabutuhan téh nangtukeun udagan jalma. Contona jalma digawé sangkan bisa dahar, jalma butuh dahar sangkan bisa hirup. Jalma nu hayang dahar ngeunah kudu leuwih getol digawéna tibatan jalma nu dahar saayana. Bédana udagan téh baris nangtukeun rinékana laku lampah jalma. Jadi sanajan unggal jalma boga kabutuhan nu sarua, tapi maranéhna boga udagan nu béda-béda nu antukna laku lampahna ogé bakal béda-béda.

Pentingna kabutuhan dina ngawangun laku lampah jalma téh dipedar dina tiori psikologi humanisme. Tapi lantaran ieu panalungtikan nyoko kana laku lampah palaku dina karya sastra nu bisa jadi eunteung jeung picontoeun siswa di sakola, tiori psikologi nu digunakeun téh nyaéta tiori psikologi pendidikan humanisme nu nyoko kana tiori kabutuhan Maslow.

Objék panalungtikan nu dipedar téh nyaéta carita drama, nu ngajangélék dina wangun naskah. Carita drama nu dipilih nyaéta carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga. Carita drama karya R. Hidayat Suryalaga téh dipilih lantaran kasang tukang pangarang nu raket jeung dunya atikan sarta eusi caritana nu euyeub ku ajén-ajén kahirupan.

R. Hidayat Suryalaga ogé kaasup pangarang carita drama nu produktif. Lamun dipaluruh leuwih jero, katitén aya leuwih ti 27 carita drama nu geus ditulis salila hirupna. Ieu panalungtikan moal nganalisis sakabéh carita, tapi milih tilu carita nu bisa ngawakilan rinékana carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga. Wanda, kode basa, kode budaya, jeung kode sastra jadi tinimbangan waktu milih carita nu baris ditalungtik. Carita drama nu dipilih nyaéta carita drama réalis nu basana luyu jeung kamampuh basa siswa SMA/SMK/MA, téma caritana deukeut jeung kahirupan sapopoé, sarta naskahna kudu nyumponan ciri-ciri jeung unsur-unsur drama.

Dumasar sababaraha tinimbangan nu geus ditétélakeun, panalungtikan “Kumpulan Carita Drama Karya R. Hidayat Suryalaga pikeun Bahan Ajar Sastra di

SMA/SMK/MA (Tilikan Psikologi Pendidikan)” baris nalungtik tilu carita drama, nyaéta “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati”.

Hasil panalungtikan tina ieu carita drama téh bisa jadi alternatif bahan ajar drama di SMA/SMK/MA. Hal ieu penting dilakukeun pikeun ngeuyeuban pangajaran drama di sakola. Kiwari naskah drama téh hésé diaksés, lantaran masih sumebar di sababaraha komunitas. Ku kituna, hasil tina ieu panalungtika téh, salian ti ngajén naskah drama, tapi ogé ngahasilkeun bahan ajar drama nu bisa digunakeun di sakola.

Aya sawatara panalungtikan nu dilakukeun saméméhna ngeunaan carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga, nyaéta 1) skripsi Teddi Muhtadin (1991) kalayan judul “Perjuangan Hidup Manusia dalam Bingkai Ruang-Waktu: Sebuah Analisis Semiotik terhadap Wacana Drama Tambang Karya R. Hidayat Suryalaga”; 2) Ence Ali Sajidin (2000) kalayan judul “Aspek Religiulitas Naskah Drama Carem Karya R. H. Hidayat Suryalaga”; 3) skripsi Asri Afrilianti (2007) kalayan judul “Aspek Sosiologis Naskah Drama “Cempor” Karya R. Hidayat Suryalaga Tilikan Strukturalisme”; 4) tésis Arif Firmansyah (2013) kalayan judul “Naskah Longsér Karya H. R. Hidayat Suryalaga sebagai Bahan Pengajaran di SMA/MA/SMK (Ulikan Struktural-Semiotik)”; 5) skripsi Dwi Zahra Fitriani (2013) kalayan judul “Ajén Moral dina Naskah Drama “Pundén-Pundén nu Rarempag” Karya R. Hidayat Suryalaga.”; 6) skripsi Irma Subantari (2016) kalayan judul “Naskah Drama “Sanghiang Tapak” Karya R. Hidayat Suryalaga (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)”; 7) tésis Tyas Agung Pratama (2017) kalayan judul “Naskah Drama *Muntangan Alif* Karya R. Hidayat Suryalaga pikeun Bahan Pangajaran Maca Drama di SMP/MTs (Ulikan Struktural jeung Sémiotik)”; sarta 8) skripsi Dian Brilyan Priyanga (2020) kalayan judul “Struktur Naratif dina Naskah Drama “Nu Jaradi Korban” Karya Hidayat Suryalaga jeung Naskah Drama “Ayahku Pulang” Karya Usmar Ismail (Ulikan Sastra Bandingan)”.

Panalungtikan ngeunaan carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati” karya R. Hidayat Suryalaga ngagunakeun ulikan psikologi pendidikan can kungsi digarap. Ku kituna, ieu panalungtikan penting dilaksanakeun pikeun meunang pamahaman nu gembleng ngeunaan eusi carita sarta pikeun ngeuyeuban bahan ajar drama di SMA/SMK/MA.

1.2. Rumusan Masalah Panalungtikan

Carita drama karya R. Hidayat Suryalaga téh aya puluhan judul, tapi lantaran panalungtikan kasengker ku waktu, dilakukeun sampling. Tina 27 carita drama nu aya, dipilih tilu carita nu téma jeung basana luyu keur siswa SMA/SMK/MA. Tilu carita nu ditalungtik nyaéta “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati”.

Masalah nu patali jeung carita drama karya R. Hidayat Suryalaga perlu dicindekkeun sangkan leuwih museur, teu méngpar tina nu dimaksud. Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun ieu di handap.

- 1) Kumaha sruktur carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati”?
- 2) Kumaha gambaran aspék kajiwaan nu ngajangélék dina carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati”?
- 3) Naha carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati” téh luyu atawa henteu pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar drama di SMA/SMK/MA?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan dibagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung husus, wincikanana ieu di handap.

1.3.1. Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaronjatkeun kualitas bahan ajar drama di sakola sarta ngajembaran panalungtikan ngeunaan karya sastra wangun drama.

1.3.2. Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngadéskrripsikeun sruktur carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati”;
 - 2) ngadéskrripsikeun gambaran aspék kajiwaan nu ngajangélék dina carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati”;
- sarta

- 3) ngajén luyu henteuna carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati” pikeun dijadikeun bahan ajar drama di SMA/SMK/MA.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan ngeunaan carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga dipiharep méré mangpaat praktik jeung aksi sosial.

1.4.1. Mangpaat Praktik

Mangpaat praktik nu bisa dicangking tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngajembaran pangaweruh ngeunaan sruktur carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati”;
- 2) ngajembaran pangaweruh ngeunaan gambaran aspék kajiwaan nu ngajangélék dina carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati”; jeung
- 3) mikaweruh luyu henteuna carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati” pikeun dijadikeun bahan ajar drama di SMA/SMK/MA.

1.4.2. Mangpaat Aksi Sosial

Mangpaat aksi sosial nu dicangking tina ieu panalungtikan nyaéta nambahan pangaweruh panalungtik jeung nu maca ngeunaan pangalaman hirup tokoh nu bisa jadi eunteung sangkan bisa milampah kahirupan nu leuwih hadé.

1.5. Rang kay Tulisan

Sacara umum ieu tésis ngawengku lima bab, ti mimiti bubuka nepi ka panutup. Bab I Bubuka ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang masalah nu ditalungtik, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dipasing-pasing jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan sacara praktik jeung aksi sosial, sarta raraga tulisan.

Bab II medar ngeunaan tiori-tiori nu dijadikeun référénsi dina ieu panalungtikan. Tiori nu dipedar nyaéta ngeunaan ulikan struktural drama, ulikan psikologi pendidikan, jeung bahan ajar. Lian ti medar tiori, ieu bab ogé medar ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Metodologi Panalungtikan medar ngeunaan métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pedaran ngaguar ngeunaan déskripsi hasil panalungtikan nu dipatalikeun jeung rumusan masalah nu geus dijieun saméméhna, dina ieu bab dipidangkeun hasil analisis ngeunaan carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati” kalayan ngagunakeun ulikan psikologi pendidikan sarta ngajén hadé goréngna ieu carita pikeun dijadikeun bahan ajar di SMA/SMK/MA.

Bab V Kacindekan jeung Saran eusina ngawengku kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi.